



---

EXCEPTIONAL CARE. WITHOUT EXCEPTION.

# Gid pou Lè Gen Lanmò

Boston Medical Center  
Biwo Zafè Moun ki Mouri

Telefòn: 617-638-5788

Faks: 617-414-5315





EXCEPTIONAL CARE. WITHOUT EXCEPTION.

One Boston Medical Center Place  
Boston, MA 02118-2393  
Telefòn: 617 638 8000  
Telefòn: 617 414 5000

[www.bmc.org](http://www.bmc.org)

Chè Fanmi ak Zanmi,

Ekip Boston Medical Center (BMC) isit la pou ede ou siviv avèk lanmò moun ou renmen an. Nou ofri èd nan chak etap fason pou reponn nenpòt kesyon sou sa pou fè apre yon moun nou renmen fin mouri. Nou garanti ou n ap fè tout efò ki posib pou jwenn sipò ou bezwen an nan moman sa a pandan n ap respekte bezwen kiltirèl ak relijye ou.

Nou swete enfòmasyon ki nan paj sa yo ap ede ou nan moman difisil sa a.

Si ou panse ou bezwen èd imedyat, tanpri kontakte Biwo Zafè Moun ki Mouri nan nimewo 617-638-5788.

Ak tout Kè Nou,

A handwritten signature in black ink, appearing to read "Lisa O'Connor".

Lisa O'Connor RN, BSN, MS, NEA-BC  
Robert Wood Johnson, Manm Enfimyè Egzekitif  
Vis-Prezidan Prensipal Operasyon Klinik ak CNO

BOSTON UNIVERSITY MEDICAL CENTER

Boston Medical Center  
Boston University School of Medicine  
Boston University School of Public Health  
Boston University Henry M. Goldman School of Dental Medicine



## **Sa ki nan Tiliv la**

Biwo Zafè Moun ki Mouri .....	6
Lis Tout Sa pou Fè pou Aranjanman .....	7
Lè yon Tibebe Mouri .....	8
Konsèy ak Sipò pou Chagren.....	9
Lekti ak Sipò ki Rekòmande.....	11
Objè Enpòtan ak Afè Pèsonèl .....	13
Otopsi .....	14
Biwo Doktè Lejis Prensipal .....	15
Sètifika Lanmò.....	16
Ponp Finèb yo .....	17
Gid pou Ponp Finèb yo .....	18
Resous Finansye ak Resous Gouvènman.....	19
Dokiman ak Fòm Administratif .....	20
Nimewo Telefòn .....	21
Kesyon Moun Poze Souvan .....	22

## **Biwo Zafè Moun ki Mouri**

Biwo Zafè Moun ki Mouri (DAO) sèvi fanmi yo kòm yon koneksyon pami ekip medikal la, ponp finèb la, ak Biwo Doktè Lejis Prensipal Eta Massachusetts.

- ❖ DAO gen anplwaye ki la 24 èdtan pa jou, ak 7 jou pa semèn.
- ❖ DAO ede fanmi yo konprann fòm administratif ki asosye avèk yon ka lanmò, epi li eksplike ak jwenn pèmasyon pou fè otopsi kadav la.
- ❖ Men enfòmasyon ou dwe genyen lè ou rele DAO:
  - \* Non moun ki mouri a
  - \* Kote moun nan mouri a (bilding, nimewo chanm)
  - \* Sa ou ye pou moun ki mouri a (sètadi, manman, sè)
  - \* Dat nesans moun ki mouri a
  - \* Nenpòt kesyon ou genyen ki ekri davans

Si ou gen nenpòt kesyon sou fòm administratif, fòm, ponp finèb, otopsi, oswa Biwo Doktè Lejis Prensipal la, ou mèt rele DAO nan nimewo 617-638-5788.

## **Lis Tout Sa pou Fè pou Aranjman**

Lè yon moun ou renmen mouri nan BMC, n ap fè fanmi ou ak doktè yo konnen sa, epi n ap mande ou si ou ta renmen vini nan lopital la pou wè moun ou renmen an. N ap fè tout efò ki posib pou satisfè demann ou pou vizit; men, nou ka bezwen mennen pasyan an nan mòg lopital la anvan sa. Depi ou fè aranjman avèk yon ponp finèb, yon manm ekip li ap vini nan lopital la pou pote mennen moun ou renmen an nan ponp finèb la.

- ❖ Kontakte lòt manm fanmi ou, zanmi pwòch, manm legliz, direksyon travay moun ki mouri a, direksyon travay fanmi an, ak lekòl timoun yo.
- ❖ Fè fanmi an ak zanmi pwòch yo ede fè ak reponn koutfil yo.
- ❖ Rasanble tout enfòmasyon pèsònèl sou moun ki mouri a pou pote nan ponp finèb la.
- ❖ Kontakte konpayi asirans-vi, sekirite sosyal, moun ou dwe, konpayi kat kredi, labank, ak avoka ou.

Pou jwenn yon lis enfòmasyon detaye pou pote nan ponp finèb la, fè enfimiyè ou enprime paj Lis Tout Sa pou Fè ki nan entranèt BMC, oswa kontakte Biwo Zafè Moun ki Mouri nan nimewo 617-638-5788.

## Lè yon Tibebe Mouri

BMC gen sèvis swen pastoral ak sèvis travayè sosyal ki disponib 24 èdtan pa jou pou ede ou nan moman trè difisil sa a. Tanpri mande enfimiyè ou pou kontakte yo oswa rele Biwo Zafè Moun ki Mouri nan nimewo 617-638-5788.

- ❖ Si tibebe ou mouri, ekip enfimiyè a ap kreye yon Bwa Souvni ki gen foto, anprent pye ak yon mèch cheve pou souvni sa a. Tanpri mande enfimiyè ou kijan pou resevwa Bwa Souvni ou.
- ❖ Dapre Lwa Massachusetts, gen de (2) chwa pou aranjman pou tibebe ou:
  - \* Chwa 1: Fanmi tibebe a fè aranjman avèk yon ponp finèb pou antèman oswa pou ensinerasyon.
  - \* Chwa 2: Manman oswa papa a mande BMC pou antere oswa pou ensinere kadav tibebe a. BMC p ap kapab bay sann nan pou fanmi an apre ensinerasyon an. Si se BMC ki fè antèman tibebe a, n ap note tonm lan, men nou p ap make li.
- ❖ Pou jwenn yon Sètifika Timoun ki Mouri nan Moman Akouchman (BRS), kontakte:
  - State Registry of Vital Records and Statistics
  - Attn: CBRS Registrar
  - 150 Mt. Vernon Street
  - 1ye Etaj
  - Dorchester, MA 02125
  - 617-740-2606



## **Konsèy ak Sipò pou Chagren**

Tout moun pa fè eksperyans chagren yo menm jan, epi chagren an pa menm selon ki relasyon ki te genyen ant moun ki gen chagren an ak moun ki mouri a. Boston Medical Center (BMC) ofri plizyè kalite sipò relijye ak espirityèl, ak konsèy pou pasyan li yo ak pou fanmi pasyan yo. Nan estrikti sa a, gen sipò enfimyè sikyat ki nan Depatman Ijans lan ak travayè sosyal yo bay pou chagren. Genyen tou swen pastoral ki reprezante plizyè kalite afilyasyon relijye. Tanpri pa ezite mande sipò nenpòt kilè pandan pwosesis difisil sa a.

- ❖ Sèvis Swen Pastoral BMC ofri sipò pou tout relijyon ak bezwen espirityèl. Sèvis yo disponib 24 èdtan pa jou. Si ou ta renmen jwenn swen pastoral, tanpri rele nan telefòn oswa konekte sou entènèt nan sitwèb  
<http://www.bmc.org/pastoralcare/contactachaplain.htm>  
Newton Pavilion: 617-638-6850  
Menino Pavilion: 617-414-5336  
617-414-7560
- ❖ Travayè sosyal yo bay konsèy ak sipò pou pasyan yo ak pou fanmi pasyan yo. Pou kontakte yon travayè sosyal, tanpri rele 617-414-5442 (lajounen), oswa 617-638-5795 #3119 (lannwit ak nan jou wikenn) oswa konekte sou entènèt nan sitwèb [www.bmc.org/socialwork.htm](http://www.bmc.org/socialwork.htm).
- ❖ Ou kapab resevwa sipò relijye oswa espirityèl tou nan kote ki gen pratik relijye deyò BMC.
- ❖ Si ou gen yon timoun ki bezwen èd pou konprann lanmò, tanpri rele Pwogram Good Grief nan nimewo 617-414-4005 pou jwenn enfòmasyon pou ede pitit ou konprann lanmò a ak kontwole emosyon sa lakòz.

Biwo Zafè Moun Mouri rasanble yon lis liv ak sitwèb ki bay sipò pou

chagren epi ki gen tit, “Lekti ak Sipò ki Rekòmande.” W ap jwenn lis sa a nan pwochen paj la.

Pou jwenn yon lis ki gen tout resous pou chagren, sitwèb ak òganizasyon asosye yo, tanpri mande enfimiyè ou pou enprime yon kopi nan entranèt BMC, oswa rele Biwo Zafè Moun Mouri nan nimewo 617-638-5788.

## Lekti ak Sipò ki Rekòmande

Gen plizyè kalite lapenn nan enpòtans chagren an. Liv ak sitwèb sa yo ka ofri èd ou bezwen an.

### LIV:

- \* Death and the Life After, Otè Liv sa a: Billy Graham
- \* Grief. Comfort for Those Who Grieve and Those Who Want to Help, Otè Liv sa a: Haddon Robinson
- \* How to Go On Living When Someone You Love Dies, Otè Liv sa a: Therese A. Rando
- \* I'm Grieving As Fast As I Can, Otè Liv sa a: Linda Scones Feinberg
- \* Living When a Loved One Has Died, Otè Liv sa a: Earl A. Grollman
- \* Recovering From the Loss of a Child, Otè Liv sa a: Katherine Fair Donnelly
- \* Talking with Children about Death, Otè Liv sa a: Maria Trozzi
- \* The Grieving Child, Otè Liv sa a: Helen Fitzgerald
- \* Why do Bad Things Happen to Good People, Otè Liv sa a: Melvin Tinker
- \* Water Bugs and Dragonflies, Otè Liv sa a: Doris Stickney
- \* Gone from My Sight, Otè Liv sa a: Barbara Karnes

### SITWÈB:

- \* Center for Loss & Life Transition- [www.centerforloss.com](http://www.centerforloss.com)
- \* The Compassionate Friends- [www.compassionatefriends.org](http://www.compassionatefriends.org)
- \* Grief Recovery Institute- [www.grief.org](http://www.grief.org)
- \* The Dougy Center- [www.dougy.org](http://www.dougy.org)
- \* National Center for Death Education- [www.mountida.edu/ncde](http://www.mountida.edu/ncde)
- \* CIRCLE- [www.bostonchildhealth.org/pediatricsdept/goodgrief/circle.html](http://www.bostonchildhealth.org/pediatricsdept/goodgrief/circle.html)
- \* Massachusetts Funeral Directors Association [http://www.griefwords.com/library/active/massfda\\_org.asp](http://www.griefwords.com/library/active/massfda_org.asp)
- \* Hospice Foundation of America- <http://www.hospicefoundation.org/grief>
- \* Grief, a Muslim Perspective- <http://www.hospicefoundation.org/uploads/1998raad.pdf>

- \* Islamic Society of Boston Cultural Center- <http://isbcc.org/al-marhama/>

## **Objè Enpòtan ak Afè Pèsonèl**

Boston Medical Center bay yon kote ki fèmèn pou objè enpòtan pasyan yo pandan tan yo pase nan lopital la.

Pou reklame objè enpòtan manm fanmi ou ki mouri, kontakte biwo sekirite a nan nimewo 617-414-4444. Idantifikasyon avèk foto ak resi objè enpòtan yo ap obligatwa pou reklame atik sa yo.

- ❖ Gen de (2) kalite afè pèsonèl:
  - \* Afè pèsonèl, tankou fo-dan, linèt, rad, pwotèz oditif, elatriye.
  - \* Objè enpòtan, tankou bijou, lajan kach, bous, telefòn selilè, òdinatè pòtatif, elatriye
  
- ❖ Nou fè envantè objè enpòtan yo nan moman admisyon pasyan an, answit nou mete yo nan yon kote ki fèmèn, epi w ap bezwen de (2) kle pou louvri kote a, ki sanble avèk kòf sekirite.
  
- ❖ Nou mete nòt pou zafè ak Resi Objè Enpòtan pasyan an note tou nan dosye medikal pasyan an a apre admisyon li nan lopital la.
  
- ❖ Nan kèk ka, nou ka jete rad oswa afè pèsonèl pasyan an si yo twò sal pou netwaye oswa pou fè lesiv yo san pwoblèm.

## Otopsi

Nou **pa kapab** fè yon otopsi sof si nou jwenn otorizasyon fanmi pwòch moun ki mouri a. Nan sèten sikonstans, Biwo Lejis Prensipal la ka mande pou fè yon otopsi. On otopsi se yon pwosedi medikal ak syantifik ki fèt pou detèmine kòz lanmò a, epitou pou detèmine rezon medikal ak syantifik pou lanmò a. Chak otopsi ki fèt bay konesans ak entèpretasyon lamedsin, epi li ka nan avantaj moun ki toujou ap viv yo. Poutèt sa, yon otopsi pèmèt moun nan kontribiye nan jenerasyon pidevan yo.

- ❖ Fanmi pwòch legal: Lè yon moun mouri, se manm fanmi pwòch li ki gen kontwòl kadav la. Lalwa Massachusetts rekonèt moun sa yo, nan lòd priorite k ap desann, ki pou reprezante manm fanmi pwòch yo: Madanm/mari (si moun pa divòse), pitit, pitit-pitit, paran, frè/sè (avèk akò). Yon pwokirasyon pou swen sante ap fini lè yon moun mouri ak lè lopital la kontakte fanmi an pou jwenn enstriksyon yo.
- ❖ Si yo mande pou gen yon otopsi, doktè a ap mande ou pèmision alekri pou fè youn. Doktè a ap jwenn èd yon administratè k ap travay avèk Biwo Zafè Moun ki mouri. DAO kapab reponn nenpòt kesyon anvan ou ranpli fòm nan. Kontakte DAO nan nimewo 617-638-5788.
- ❖ Yon otopsi se yon pwosedi chirijikal ki lakòz yo koupe kò pasyan an. Sa p ap afekte moun ou renmen an pou lòt moun wè kadav li nan yon sèkèy ki louvri.
- ❖ Pou jwenn yon kopi rapò otopsi a, kontakte Dosye Medikal nan nimewo 617-414-4201 pou mande yon fòm pou bay otorizasyon. Remèt fòm nan ansanm avèk yon kopi papyè testaman pou idantifye ou kòm Egzekitè Testaman byen pasyan an. Dosye Medikal ap voye rapò otopsi a ba ou anvan 30 jou ouvrab.
- ❖ **Pa gen** frè pou peye pou fè yon otopsi sou yon pasyan Boston Medical Center, epi nou bay otopsi a gratis depi ou fè demann lan.

## Biwo Doktè Lejis Prensipal

Biwo Doktè Lejis Prensipal Eta Massachusetts (OCME) se yon ajans eta a ki gen misyon pou detèmine kòz ak manyè lanmò nan ka ki anba jiridiksyon li, dapre Chapit 38 Lwa Jeneral Massachusetts. Ajans lan reyalize misyon sa a avèk ankèt sou ka yo, egzaminasyon andedan ak deyò, ak analiz laboratwa.

- ❖ Sizoka OCME pran jiridiksyon sou yon pasyan ki mouri, lopital la pa gen otorite ankò sou swen pasyan an apre lanmò li. N ap pote kadav la ba OCME nan 720 Albany Street pou yo fè egzaminasyon. Aranjman pou antèman annapre dwe fèt nan OCME.
- ❖ *Tanpri sonje OCME ap egzije pou yon fanmi bay idantifikasyon vizyèl yon moun yo renmen pou yo bay kadav la nan yon ponp finèb.*
- ❖ OCME **pa** bezwen pèmisyon pou yo fè yon otopsi.
- ❖ Se OCME ki ka decide si pou wè kadav yon pasyan ki mouri. Tanpri kontakte OCME pou mande pèmisyon pou sa.
- ❖ Rapò demann pou gen otopsi a dwe fèt alekri, epi se yon manm fanmi pwòch legal ki dwe siyen li. Pa gen frè pou peye pou rapò sa a. Voye demann yo nan adrès:  
The Office of the Chief Medical Examiner  
720 Albany Street  
Boston, MA 02118

Si ou ta gen lòt kesyon, tanpri rele OCME nan nimewo 617-267-6767.

## Sètifika Lanmò

Yon sètifika lanmò se yon fòm legal ki sètifye doktè, lopital la, ak ponp finèb la ranpli lè yon moun mouri.

- ❖ Nan fòm sa a, doktè a mete non moun ki mouri a, kòz lanmò moun nan, dat ak lè moun nan mouri. Answit, doktè mete non pa li ak nimewo lisans medikal li.
- ❖ Ponp finèb la mete adrès moun ki mouri a, edikasyon li, metye li, nimewo Sekirite Sosyal li, ak detay dènye kote y ap antere mete mò a.
- ❖ Depi yo depoze sètifika lanmò a nan Lameri Vil Boston, li vin gen non Kopi Sètifye Sètifika Lanmò, epi ou kapab jwenn li si ou rele Lameri Vil Boston nan nimewo 617-635-4175, si ou ale nan Sal 213 Lameri Vil Boston, oswa si ou voye demann lan pa lapòs nan adrès:  
Boston City Hall  
Suite 213  
1 City Hall Plaza,  
Boston, MA 02201
- ❖ Kopi ou mande nan Lameri Vil Boston ap koute ou \$12.00 pou chak kopi. Mete \$3.00 sou li si ou fè kòmman lan pa lapòs.

Si ou bezwen yon lèt sipò pou yon lanmò, tanpri rele Biwo Zafè Moun ki Mouri nan nimewo 617-638-5788.



## Ponp Finèb yo

Anba la a se yon lis kèk ponp finèb BMC itilize. Pou jwenn yon lis ki gen tout ponp finèb yo, ale nan anyè telefòn ou. BMC pa apwouve biznis ki nan lis anba la yo otomatikman.

Davis Funeral Home 617-427-0828  
89 Walnut Avenue, Roxbury, MA

Faggas Funeral Service 617-926-2163  
553 Mount Auburn Street, Watertown, MA

Floyd Williams Funeral Home 617-436-5592  
490 Columbia Road, Dorchester, MA

Hearn Funeral Home 617-323-4300  
43 Cummins Highway, Roslindale, MA

JB Johnson Funeral Home 617-445-8150  
196 Warren Street, Roxbury, MA

Spencer Funeral Home 617-268-0855  
575 E. Broadway, South Boston, MA

Stanetsky Memorial Chapel 781-581-2300  
10 Vinnin Street, Salem, MA

Tobin & Mitchell Funeral Home 617-536-1000  
666 Massachusetts Avenue, Boston, MA

Wing Fook Funeral Home 617-989-8833  
13 Gerard Street, Roxbury, MA

Mayhew Funeral Home 603-279-4007  
204 D.W. Highway, Meredith, NH 03253

Peabody Funeral Home 603-432-2801  
15 Birch Street, Derry, NH 03038

## Gid pou Ponp Finèb yo

Ponp finèb yo ak Direktè Ponp Finèb yo gen lisans pou fè plizyè kalite fonksyon, tankou òganizasyon antèman an, bay fanmi an sipò, epi ranpli fòm administratif ki nesèsè yo.

- ❖ Apre ou kontakte ponp finèb la, y ap retire kadav moun ki mouri a pou yo mennen li nan ponp finèb la.
- ❖ Direktè ponp finèb a ap rankontre avèk manm fanmi pwòch moun ki mouri a pou fè aranjman pou antèman an, epi pou ranpli fòm administratif ki nesèsè yo.
- ❖ Lè ou rankontre avèk direktè ponp finèb la, youn ap bay lòt detay konsènan seremoni antèman/sèvis relijye, lè pou yo rele, antèman oswa ensinerasyon moun ki mouri a. Pote prenon ak non fanmi moun ki mouri a, nimewo sekirite sosyal li, non paran li yo, metye li, ak kontra asirans-vi li.
- ❖ Asosyasyon Direktè Ponp Finèb Massachusetts bay enfòmasyon sou fason pou jwenn yon ponp finèb ki nan zòn ou a. Ou kapab jwenn repons pou kesyon moun poze souvan sou entènèt nan sitwèb [www.massfda.org](http://www.massfda.org).

Pou jwenn yon lis ki gen plis detay sou sa pou fè apre yon moun ou renmen mouri, epi pou konnen sa pou pote nan ponp finèb la, gade paj Lis Tout sa pou Fè pou Aranjman ki nan tiliv sa a, oswa rele Biwo Zafè Moun ki Mouri nan nimewo 617-638-5788.

## **Resous Finansye ak Resous Gouvènman**

Si ou ta tonbe nan yon sitiyasyon ki lakòz ou bezwen èd, bourad lajan oswa lòt asistans, òganizasyon sa yo ka anmezi pou ede ou. Menm jan avèk pifò ajans k ap bay asistans, kondisyon yo ka pa menm pou kalifye pou jwenn èd la.

### **Èd Eta a**

- ❖ **Depatman Èd Tranzisyonèl** 1-800-249-2007
  - \* Depatman asistans sosyal sa a ka anmezi pou ede ou si ou pa gen resous oswa asirans-vi, epi si ou kapab endike bezwen an nan dokiman. Pou ranpli yon aplikasyon, ale nan biwo èd tranzisyonèl zòn ou oswa rele biwo a. Biwo yo ak liy telefòn yo gen anplwaye ki la depi lendi jiska vandredi ant 8:45 am ak 5:00 pm.
  - \* Resous yo pa anpil nan Massachusetts pou sipòte antèman oswa ensinerasyon moun ki mouri yo. Depatman Èd Tranzisyonèl bay yon ti frè pou peye yon direktè ponp finèb ki ede antere oswa ensinere pasyan ki pa gen ase mwayen.

### **Èd Federal**

- ❖ **Administrasyon Sekirite Sosyal** 1-800-772-1213
  - \* Avantaj sivivan yo pa menm; rele pou tcheke si ou kalifye.
- ❖ **Afè Veteran** 1-800-827-1000
  - \* Moun ki mouri a te dwe sèvi nan Fòs Lame Etazini.
  - \* Avantaj sivivan yo pa menm; rele pou tcheke si ou kalifye.

Si ou gen lòt kesyon, tanpri rele Biwo Zafè Moun ki Mouri nan nimewo 617-638-5788.

## **Dokiman ak Fòm Administratif**

Men yon ti lis kèk dokiman ou ka jwenn:

- ❖ **Kopi Sètifye Sètifika Lanmò**  
Gade seksyon Sètifika Lanmò, paj 14
- ❖ **Deklarasyon Byen ak Sèvis**  
Kontra pou sèvis ak machandiz ki asosye avèk aranjman ponp finèb la fè avèk kadav moun ki mouri a
- ❖ **Pèmasyon pou Otopsi**  
Biwo Zafè Moun ki Mouri egzije sa pou kòmanse yon otopsi, si li nesesè
- ❖ **Otorizasyon pou Divilge Enfòmasyon**  
Depi dokiman sa a gen siyati manm fanmi pwòch moun ki mouri a, ponp finèb la gen otorizasyon pou transfere kadav moun ki mouri a.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt nan fòm sa yo, tanpri rele Biwo Zafè Moun ki Mouri nan nimewo 617-638-5788.

## Nimewo Telefòn

### Boston Medical Center Campus

CIRCLE (Sipò pou Chagren).....	617-414-4005
Decedent Affairs Office (Biwo Zafè Moun ki Mouri) .....	617-638-5788
Good Grief Program (Pwogram Good grief) .....	617-414-4005
Heart to Heart (Pwogram pou Moun ki nan Chagren).....	617-414-4005
Hospital Operator (Operatè Lopital) .....	617-638-8000
	617-414-5000
Medical Records (Dosye Medikal) .....	617-414-4201
Medical School, Anatomic Gift (Lekòl Lamedsin, Kado Ògàn).....	617-638-4245
Patient Advocate (Sipò pou Pasyan).....	617-414-4970
Pastoral Care Services (Sèvis Swen Pastoral)	
Newton .....	617-638-6850
Menino .....	617-414-5336
	617-414-7560
Psychiatric Nurse (Enfimyè Sikyat).....	617-414-7612
Public Safety (Sekirite Piblik).....	617-414-4444
Social Work (Travay Sosyal).....	617-414-5442
	617-638-6834

### Off BMC Campus

Boston Police Department (Depatman Lapolis Boston) .....	617-343-4250
City Hall Registry Division (Divizyon Rejis Lameri Vil la) .....	617-635-4184
Department of Transitional Assistance (Depatman Èd Tranzisyonèl) .....	800-249-2007
Office of the Chief Medical Examiner (Biwo Doktè Lejis Prensipal).....	617-267-6767
Social Security Administration (Administrasyon Sekirite Sosyal). .....	800-772-1213
Veterans Affairs (Afè Veteran).....	800-827-1000

## **Kesyon Moun Poze Souvan**

### **K: Kisa sa vle di pou di yon moun mouri?**

R: Yo ka defini lanmò kòm sispansyon lavi; sispansyon tout fenomèn lavi san okenn mwayen pou resisite, swa sou bèt oswa sou plant. Gen lanmò yo jwenn k ap kontinye toutan ak nan tout pati kò kreyati vivan. Selil ak eleman endividyèl yo disparèt epi yo ranplase avèk nouvo selil; pwosesis sa a enpòtan pou lavi.

Lanmò jeneral pran de (2) fòm. Tout kò moun nan mouri, answit pati ki ladan yo mouri, tankou lanmò tisi yo. Tout kò ki mouri vle di fonksyon sèvo a, ògàn sikilasyon san ak ògàn respirasyon ak lòt sistèm yo sispann fonksyone nèt. Lè yon kò mouri, li pa fin mouri nèt anmenmtan. Kèk tisi pran plizyè èdtan anvan yo sispann fonksyone.

### **K: Pou kisa yon moun mouri?**

R: Gen anpil rezon ki fè moun mouri. Sou plan syantifik, moun mouri paske kò yo sispann fonksyone, kit se nan maladi kit se nan aksidan. Sou plan relijye, gen kèk lòt rezon, selon kwayans ou. Tout sa ki nan lemonn gen yon kòmansman ak yon pwen final. Pou moun, lanmò siyale pwen final pou tan yo nan monn sa a.

### **K: Kijan nou te kapab evite lanmò?**

R: Doktè, enfimyè, ak ekip BMC te fè tout efò ki posib pou asire pi bon kalite swen sante pou moun ou renmen an pandan tan li te pase nan lopital la. Sa nou rekonèt la a, alafwa sou plan syantifik ak relijye, endike nou kapab janm evite lanmò.

### **K: Èske nou kapab fè lanmò pran reta?**

R: Yon fason pou analize sa se rekonèt depi nan moman akouchman an, yon moun ap gen pou rive nan lanmò li. Se sèl

destinasyon lojik pwosesis lavi imen. Pwolongasyon lavi, oswa amelyorasyon kalite lavi, se sa lasyans ak lamedsin ap travay pou reyalize. Lamedsin modèn fè anpil efò pou geri maladi ak pwolonje lavi nan sa ki te ka touye yon moun nan 100 ane ki pase yo, men toujou pa gen gerizon pou lanmò.

**K: Èske moun nan santi nenpòt doulè apre lanmò?**

R: Non. Yon kò pa santi okenn doulè apre lanmò. Se moun ki vivan sèlman ki gen posiblite pou santi doulè. Sistèm ki santi doulè nan kò a sispann fonksyone lè moun nan mouri.

**K: Kisa yon otopsi ye?**

R: Yon otopsi se yon egzamen yon moun ki mouri pou detèmine oswa pou konfime sa ki lakòz lanmò a. Sa kapab detèmine chanjman maladi pwodui yo tou.

**K: Kisa ki pase kò a apre yo fin antere li?**

R: Kesyon sa a gen plizyè kalite repons selon pwosedi yo anvan antèman an. Kò a ap dekonpoze pètèt, men nan diferan ritm. Si yo te anbome kò a anvan antèman an, dekonpozisyon an ap pral plis tan pase si yo pa t anbome kò a. Kò a ka dekonpoze dousman tou si yo te bouche sèkèy la ak kav la epi si yo pa t ekspoze nan menm kantite eleman natirèl latè ak sèkèy bwa a ki pa byen pwoteje. Depi kò a kòmanse dekonpoze, tisi yo ap separe nan plizyè eta jouk lè tout sa ki rete se zo.

**K: Kijan mwen kapab respekte kadav la?**

R: Lè ou manyen kadav la dousman ak lè ou kouvri li, ou montre respè pou li.

**K: Kisa Anbome yon Kadav ye?**

R: Lè yo anbome yon kadav yo konsève kadav la pou moun ka gade li yon fason ki apwopriye pandan sèvis antèman an.

## **Endèks**

### **A**

Afê Pèsonèl..... 11

Afê Veteran ..... 19

### **B**

Batistè..... 8

Biwo Sekirite ..... 11

### **D**

Depatman Èd

    Tranzisyonèl..... 17

Depatman Lapolis

    Boston ..... 19

Divizyon Rejis Lameri

    Vil la..... 14

Dokiman ak Fòm

    Administratif ..... 18

Doktè Lejis

Prensipal ..... 13

Dosye Medikal ..... 12

### **K**

Konsèy..... 9

### **L**

Lekti ak Sipò ki

    Rekòmande..... 9

Lis Tout Sa pou Fè ..... 18

LIV ..... 10

### **N**

Nimewo Telefòn..... 19

### **O**

Otopsi ..... 12, 13, 14, 21

### **P**

Ponp Finèb..... 15

Pwogram pou Moun

    ki nan Chagren ..... 9

### **R**

Resi pou Objè

    Enpòtan ..... 11

### **S**

Sètifika Lanmò ..... 14

Sipò ..... 9

SITWÈB ..... 10

Swen Pastoral ..... 9

### **T**

Timoun ..... 8

Travayè Sosyal ..... 9, 19



## NÒT

## NÒT

## NÒT

## NÒT

## NÒT

## NÒT

## NÒT

## NÒT







---

EXCEPTIONAL CARE. WITHOUT EXCEPTION.

Otè ak Editè: Chris Andry, PhD, Christian Kiriakos, Sudha Natarajan, PhD, Ellen Kolton, MPH, Amanda B. Wright, MSW, LCSW, Marty Kovaks ak Konsèy Konsiltatif pou Fanmi Pasyan Boston Medical Center

Boston Medical Center  
One Boston Medical Center Place  
Boston, MA 02118

Telefòn: 617-638-5788  
Faks: 617-414-5315

© 2012, Boston Medical Center